

PREPARE w pou SIBÈ ATAK

Pandan 10 lane ki sot pase yo la sibè atak yo ogmante. Aprann kòman pou pwoteje tèt ou pou w pa pèdi lajan, pèdi enfòmasyon pèsònèl, ak sibi domaj nan repitasyon ak sekirite w.



Èske w te konnen...

Nan lane 2023, Sant pou Plent Kont Krim sou Entènèt FBI la te resevwa plis pase **880 000 plent** apeprè, sou sibè atak ki te koze **\$12.5 milya pèt.***



Sibè atak se yon tantativ malveyan kote yo eseye gen aksè oswa domaje aparèy. Moun ki fè sibè atak yo ka vòlè idantite w, komèt fwod, bloke aksè ak dokiman w, deranje biznis gouvènman yo, ak enfrastrikti enpòtan yo.

PWOTEJE TÈT OU KONT YON SIBÈATAK

- **Mete kòd** sou tout aparèy elektronik ou yo.
- Fikse **mizajou otomatik** pou lojisyèl ak sistèm operasyon yo.
- Itilize **solisyon antivirus, anti-malware, ak firewall yo** pou bloke menas yo.
- **Itilize modpas ki solid** (12+ karaktè lèt majiskil ak lèt miniskil, chif, ak karaktè espesyal).
- **Pa janm** sèvi ak menm modpas la pou plizyè diferan kont .
- Itilize **otantifikasyon a de nivo**.
- Idantifye lejitimite avan ou bay **enfòmasyon pèsònèl**.
- Pa anrejistre **enfòmasyon pou konekte** sou aparèy ou pa fè konfyans.
- Toujou **mete dosye ki enpòtan yo** nan nyaj oswa sou yon diskedi ekstèn.
- Toujou verifye **deklarasyon kont finansye ou ak rapò kredi w**.



- **Wifi piblik yo pa gen sekirite.** Pa konekte sou kont bank ou oswa sou lòt sit ki sansib pandan ou ap itilize li.
- **Chanje non pa defo ak modpas** ki sou wifi lakay ou a. Itilize yon modpas inik ki fò, epi chanje l regilyèman.
- **Mete mizajou otomatik** sou woutè a.
- **Kreye yon rezo wifi envite pou aparèy yo** tankou aparèy kay, machin, ak jwèt pou kenbe yo ak done sansib yo.

PANDAN YON SIBÈ ATAK

- **Siviye aktivite ki pa konn abitye genyen tankou:**
 - Yon kòb yo touche sou kat kredi w oswa yon refi
 - Kont ou pa konn abitye wè sou rapò kredi w
 - Piblikasyon sou rezo sosyal ou pa fè
 - Moun ki resevwa imèl ou pa t janm voye
- **Dekonekte** sou entènèt la.
- **Fè mizajou nan sekirite lojisyèl ou a,** eskane, ak netwaye aparèy ou a, oswa etenn li epi pote l bay yon pwofesyonèl.
- **Rapòte aktivite ki pa nòmal yo bay** sèvis enfòmasyon lekòl ak travay la.
- **Kontakte enstitisyon finansye yo** (bank, konpayi kat kredi, investisman)
- **Di kontak ou yo** pou siveye oswa siprime imèl oswa mesaj ki parèt sispèk ou voye
- **Reynisyalize modpas ou yo.**

APRE YON SIBÈ ATAK

- **Si yon moun ap itilize Nimewo Sekirite Sosyal ou yon fason ki pa legal:**
 - Depoze yon rapò nan Komisyon Federal Komès la sou [identitytheft.gov](https://www.identitytheft.gov).
 - Rele Sèvis Revni Entèn (IRS) nan 1-800-908-4490, si ou kwè yon moun ap itilize SSN ou a.
- **Depoze yon plent nan Sant Pou Plent Ki Fèt Sou Entènèt FBI** (IC3) nan [IC3.gov](https://www.ic3.gov).
- **Jwenn konsèy ak zouti anplis sou:**
 - [StopThinkConnect.org](https://www.stopthinkconnect.org)
 - [Ready.gov/cybersecurity](https://www.ready.gov/cybersecurity)